



Sa ou Dwe Konnen sou:

Moun k ap viv avèk Maladi Kwonik nan Ren, Ensifizans Renal ak Transplantasyon

Konprann maladi Kwonik nan Ren (Chronic Kidney Disease, CKD), Ensifizans Renal ak Transplantasyon

Èske ou te konnen...?

- Maladi kwonik nan ren afekte 15 pousan nan popilasyon Etazini. Anpil Moun New York gen maladi nan ren epi yo pa menm konnen sa!
- Rezon ki parèt pi souvan pou ensifizans renal la se dyabèt, tansyon ki wo ak obezite.
- Lòt kòz pou maladi nan ren ka gen ladan l maladi oto-imitè ak maladi jenetik tankou maladi polistik nan ren.
- Pipi k ap kimen ak pwoteyin nan pipi ka siy ki parèt bonè pou maladi nan ren.
- Pou verifye sante ren yo ou kapab fè tès san ak pipi epi pafwa yo fè yon iltrason.
- Kreyatinin nan san w se yon makè pou fonksyon ren yo. Yo itilize l pou kalkile nivo filtrasyon glomerilè (glomerular filtration rate, GFR); yon GFR ki nòmal apeprè 100.
- Gen medikaman ki kapab ralanti pwogresyon maladi nan ren an.
- Anvan ren w yo pa fonksyone, ou dwe al wè yon espesyalis pou ren (nefwològ) pou fè yon tretman.
- Si ren w yo pa fonksyone, tretman an se dyaliz oswa grèf ren.
- Yo kapab evalye w ak enskri w sou yon lis atant transplantasyon pou prevansyon anvan w kòmanse dyaliz la.

Defann sante pa w!
Sèvi ak avantaj Medicaid ou yo pou ede ou rete an sante.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Maladi Kwonik nan Ren, ale sou:


- Paj Entènèt National Institute of Diabetes and Digestive and Kidney Diseases "Maladi nan Ren"¹
- National Kidney Foundation Inc.²

Pou jwenn plis enfòmasyon sou transplantasyon nan ren, ale sou:

- Paj Entènèt U.S. Department of Health & Human Services "Rezo Apwovizyonman ak Transplantasyon Ògan"³
- National Kidney Foundation Inc. Paj entènèt "Transplantasyon"⁴

Kijan pou w toujou santi w anfòm

Kisa ou kapab fè?



Si yo te dyagnostike ou menm oswa yon manm fanmi w pou maladi nan ren, tansyon epi/oswa dyabèt, asire w ou pale avèk founisè swen sante ou a, planifye vizit pou suivi ki regilye, epi fè tout sa w kapab pou kontwole maladi sa yo.

Konsilte yon espesyalis ren (nefwològ) tousuit pou yon dyagnostik ak tretman ki apwopriye.

Pran medikaman yo chak jou, jan yo preskri w yo, epi eseye kenbe yon pwogram egzèsis ki regilye.

Si w gen maladi nan ren, ou dwe konnen kreyatinin ak GFR ou!

Si fonksyon w ren w pi ba pase yon GFR ki 20, oswa 20 pousan pou sa ki nòmal, pale avèk doktè w pou li oryante w pou yon evalyasyon pou grèf ren.

Si ren w yo p ap fonksyone, pale avèk zanmi ak fanmi w pou w jwenn yon donè ki vivan pou yon grèf ren.

¹: <https://www.niddk.nih.gov/health-information/kidney-disease>

²: <https://www.kidney.org/>

³: <https://optn.transplant.hrsa.gov/learn/patient-education/>

⁴: https://www.kidney.org/atoz/atozTopic_Transplantation



Si ou gen kesyon sou fason pou w itilize avantaj ou yo, rele nimewo telefòn ki nan do kat Medicaid ou an.

